

## **BAB V**

### **PANUTUP**

#### **3.1 Kacindekan**

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu geus dipedar dina bab saméméhna ngeunaan prinsip konvérsasi jeung wujud pragmatis kalimah dina naskah drama “Jam Hiji Duapuluh Salapan Menit” Karya Ayi G. Sasmita (ulikan Pragmatik) bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Tina hasil panalungtikan, kapaluruh aya 161 data anu ngukuhan jeung ngarempak prinsip konvérsasi. Sanggeus data dianalisis dumasar prinsip konvérsasi, omongan unggal palakuna dianalisis dumasar kana wujud pragmatis kalimah.

Prinsip konvérsasi kabagi jadi dua, nyaéta prinsip gawé bareng jeung prinsip kasopanan. Dina paguneman anu ngukuhan prinsip gawé bareng kapaluruh aya opat maksim, nyaéta (1) maksim kualitas aya 28 data, (2) maksim kuantitas aya 8 data; 3) maksim rélevansi aya 28 data; jeung 4) maksim cara aya 33 data. Ari dina paguneman anu ngarempak prinsip gawé bareng kapaluruh aya 1 data maksim kualitas. Maksim cara mangrupa maksim anu pangréana kapanggih dina prinsip gawé bareng nu aya dina naskah drama “Jam Hiji Duapuluh Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita.

Dina paguneman anu ngukuhan prinsip kasopanan kapaluruh aya lima maksim, nyaéta (1) maksim kawijaksanaan aya 18 data, (2) maksim katumarimaan aya 5 data, (3) maksim pangcocog aya 10 data, (4) maksim kasimpat aya 5 data, jeung (5) maksim balabah aya 4 data. Ari dina paguneman anu ngarempak prinsip ksopanan kapaluruh aya tilu maksim, nyaéta (1) maksim katumarimaan aya 18 data, (2) maksim pangcocog aya 2 data jeung (3) maksim balabah aya 1 data. Data anu ngukuhan maksim kawijaksanaan jeung anu ngarempak maksim katumarimaan mangrupa maksim anu pangréana kapanggih dina prinsip kasopanan nu aya dina naskah drama “Jam Hiji Duapuluh Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita.

Ditilik tina hasil analisis, aya sawatara omongan dina paguneman anu ngandung sababaraha maksim. Èta hal téh lantaran dina nepikeun maksud omongan, antara

maksim hiji jeung maksim nu lianna bisa silih lengkepan tur silih ngadeudeul. Tujuanana sangkan maksud omonganana bisa dipaham ku lawan nyaritana tur tangtuna komunikasi bisa lumangsung kalawan lancar.

Unggal omongan dina paguneman tangtu miboga fungsi komunikatifna séwang-séwangan, anu disebut wujud pragmatis kalimah. Dumasar hasil panalungtikan, kapanggih aya opat wujud kalimah pragmatis, anu ngawengku kalimah wawaran (*deklaratif*), pananya (*interogatif*), paréntah (*imperatif*), jeung panyeluk (*aklamatif*). Unggal wujud miboga harti pragmatisna séwang-séwangan.

Wujud pragmatis kalimah wawaran (*deklaratif*) anu kapanggih aya 108 data. Ti 108 data, kapanggih aya lima harti pragmatis kalimah wawaran, nyaéta (1) harti pragmatisna ‘iber’ aya 47 data, (2) harti pragmatisna ‘ngantebkeun’ aya 30 data, (3) harti pragmatisna ‘nitah’ aya 17 data, (4) harti pragmatisna ‘ménta’ aya 12 data, jeung (5) harti pragmatisna ‘ngajak’ aya 2 data. Harti pragmatis ‘iber’ mangrupa omongan anu pangréana muncul dina wujud pragmatis kalimah wawaran (*deklaratif*) anu aya dina naskah drama “Jam Hiji Duapuluh Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita.

Wujud pragmatis kalimah pananya (*interogatif*) anu kapanggih aya 55 data. Ti 55 data, kapanggih aya sabelas harti pragmatis kalimah pananya, nyaéta (1) harti pragmatisna ‘ngantebkeun’ aya 12 data, (2) harti pragmatisna ‘sabab’ aya 17 data, (3) harti pragmatisna ‘waktu’ aya 5 data, (4) harti pragmatisna ‘tempat’ aya 2 data, (5) harti pragmatisna ‘asal’ aya 1 data, (6) harti pragmatisna ‘ajén’ aya 6 data, (7) harti pragmatisna ‘golongan’ aya 3 data, (8) harti pragmatisna ‘cara’ aya 3 data, (9) harti pragmatisna ‘kalakuan’ aya 3 data, (10) harti pragmatisna ‘kaayaan’ aya 1 data, jeung (11) harti pragmatisna ‘rasa’ aya 2 data. Harti pragmatis ‘sabab’ mangrupa omongan anu pangréana muncul dina wujud pragmatis kalimah pananya (*interogatif*) anu aya dina naskah drama “Jam Hiji Duapuluh Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita.

Wujud pragmatis kalimah paréntah (*imperatif*) anu kapanggih aya 44 data. Ti 44 data, kapanggih aya sabelas harti pragmatis kalimah paréntah, nyaéta (1) harti pragmatisna ‘panitah’ aya 7 data, (2) harti pragmatisna ‘panyaré’ aya 7 data, (3) harti pragmatisna ‘pamaksa’ aya 4 data, (4) harti pragmatisna ‘pangajak’ aya 2 data, (5) harti pragmatisna ‘panggeuri’ aya 1 data, (6) harti pragmatisna ‘panggentra’ aya

4 data, (7) harti pragmatisna ‘anjuran’ aya 3 data, (8) harti pragmatisna ‘pangjurung’ aya 9 data, (9) harti pragmatisna ‘pangharepan’ aya 1 data, (10) harti pragmatisna ‘panganteb’ aya 2 data, jeung (11) harti pragmatisna ‘paménta’ aya 4 data. Harti pragmatis ‘pangjurung’ mangrupa omongan anu pangréana muncul dina wujud pragmatis kalimah paréntah (*imperatif*) anu aya dina naskah drama “Jam Hiji Duapuluh Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita.

Wujud pragmatis kalimah panyeluk (*aklamatif*) anu kapanggih aya 19 data. Ti 19 data, kapanggih aya lima harti pragmatis kalimah panyeluk, nyaéta (1) harti pragmatisna ‘kakagét’ aya 4 data, (2) harti pragmatisna ‘panghaturan’ aya 1 data, (3) harti pragmatisna ‘kakeuheul’ aya 6 data, (4) harti pragmatisna ‘kukulutus’ aya 4 data, jeung (5) harti pragmatisna ‘tumamprak’ aya 4 data. Harti pragmatis ‘kakeuheul’ mangrupa omongan anu pangréana muncul dina wujud pragmatis kalimah panyeluk (*aklamatif*) anu aya dina naskah drama “Jam Hiji Duapuluh Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita.

## 1.2 Implikasi

Sabada nganalisis prinsip konvérsasi jeung wujud pragmatis kalimah dina naskah drama “Jam Hiji Duapuluh Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita, hasil panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran jeung ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan élmu pragmatik, hususna ngeunaan prinsip konvérsasi jeung wujud pragmatis kalimah. Dina kahirupan sapopoé, utamana pikeun nu maca ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran élmu ngeunaan makéna basa nalika gunem catur jeung jalma lian, sangkan komunikasi lumangsung kalawan lancar ogé nyingkahan hal-hal anu kurang hormat tur pikanyeurihatéun batur. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh harti omongan nalika ngalakukeun komunikasi basa boh sacara lisan atawa tinulis, sangkan leuwih maham maksud omonganana.

Ku ayana pedaran ngeunaan prinsip konvérsasi dina paguneman, tur wujud pragmatis kalimah anu nyampak dina omongan palaku, dipiharep pamaké basa maham kana omongan anu sakuduna dikedalkeun nalika ngalakukeun komunikasi, tur bisa leuwih maham kana maksud jeung tujuan omongan anu kedal ti lawan nyaritana.

### 1.3 Rékoméndasi

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun saperti ieu di handap.

Kahiji, ieu panalungtikan medar prinsip konvérsasi jeung wujud pragmatis kalimah dina naskah drama “Jam Hiji Duapuluh Salapan Menit” Karya Ayi G. Sasmita anu ditalungtik ngagunakeun ulikan pragmatik. Ku kituna, masih perlu diayakeun panalungtikan prinsip konvérsasi jeung wujud pragmatis kalimah anu dipatalikeun jeung pangajaran.

Kadua, sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan téh mangrupa wacana tinulis nyaéta karya sastra wangun naskah drama, anu medar ngeunaan prinsip konvérsasi jeung wujud pragmatis kalimah. Ku kituna dipiharep aya nu bisa nalungtik dina wacana lisan anu lumangsung dina kahirupan sapopoé.

